

MÈT PÈMI: KONNEN RESPONSABLITE W!

Si w bezwen yon pèmi konstwiksyon oswa demolisyon nan Boston, ou genyen responsablite sou baz Òdonans Sekirite Konstwiksyon an.

- Mèt pèmi yo dwe soumèt yon Afidavit Plan Sekirite Sit, yon deklarasyon asèmante ki sètifye ke yo te prepare epi pral egzekite yon Plan Sekirite Sit ki espesifik ak pwojè a k ap defini pwoteksyon ki planfifye pou danje potansyèl yo. Mèt pèmi an dwe ateste tou ke pwojè li a pral konfòme li ak tout règlemantasyon sante ak sekirite OSHA.
- Mèt pèmi yo dwe genyen yon Plan Swivi Sekirite Sit pou egzekite nan Plan Sekirite Sit yo a. Plan swivi a dwe genyen ladann yon Oryantasyon Sekirite Sit, nan yon lang ke travayè yo ka konprann, ak Reyinyon Sekirite Avan Travay.
Tanpri sonje: Reyinyon oryantasyon ak avan travay yo pa ranplase fòmasyon sou egzijans sante ak sekirite.
- Mèt pèmi yo dwe nome yon Kowòdonatè Sekirite Sit ki sètifye OSHA 30 sou pwojè konstwiksyon ki pi gwo pase 50,000 pye kare oswa pwojè demolisyon pou bilding 4 etaj oswa pi gwo.



KISA K AP VINI APRE SA?

Jwenn òdonans konplè a ansanm ak resous anplis ki genyen ladann enfòmasyon sou zouti sekirite konstwiksyon ak fòmasyon sou [boston.gov/construction-safety](https://www.boston.gov/construction-safety)

OU GEN KESYON? KONTAKTE NOU!

✉ isd@boston.gov

☎ 617-635-5300

CITY of **BOSTON**

Operasyon Konstwiksyon ak Demolisyon

Tout moun merite yon anviwònman travay
san danje



Inspection Services



Worker
Empowerment

"Travayè yo merite santiyo an **sekirite** ak **pwoteje** pandan y ap travay. Mwen santi m fyè dèske m te siyen Òdonans Sekirite Konstwiksyon ak Operasyon Demolisyon an ki **bay priyorite ak sante ansanm ak sekirite travayè nou yo.**"

- Majistra Michelle Wu

KISA ÒDONANS SEKIRITE KONSTWIKSYON AN YE?

Apati 1ye desanm 2023, Òdonans Sekirite Konstwiksyon ak Operasyon Demolisyon pral egzije ke sit konstwiksyon ak demolisyon Boston yo chache yon pèmi nan Depatman Sèvis Enspeksyon pou soumèt yon Afidavit Plan Sekirite Sit la, mennen Oryantasyon Sit la ak Reyinyon Sekirite Avan Travay epi nome yon Kowòdonatè Sekirite Sit sou pi gwo pwojè yo.

Objektif òdonans lan se asire ke tout operasyon konstwiksyon ak demolisyon nan Vil Boston fèt nan yon fason pou pwoteje sante, byennèt, ak sekirite travayè yo ansanm ak piblik la.

OUVRIERS DU B TIMENT : CONNAISSEZ VOS DROITS!

- Chak sit travay konstwiksyon ak demolisyon nan Boston dwe genyen yon Plan Sekirite Sit espesifik pou pwojè k ap prezante posiblite danje sou sit la ak pwosedi sekirite ki an plas yo. Yo dwe mete plan an ajou chak ane epi/oswa si kondisyon sou sit la chanje.
- Travayè yo dwe resevwa yon Oryantasyon Sekirite Sit la sou Plan Sekirite Sit la nan yon lang ke yo konprann. Travayè yo dwe asiste tou Reyinyon Sekirite Avan Travay.
- Travayè sou pwojè konstwiksyon ki pi gwo pase 50,000 pye kare oswa pwojè demolisyon ki pi gwo pase 4 etaj dwe genyen aksè ak yon Kowòdonatè Sekirite Sit pandan toutan.

Si anplwayè w pa t ofri pwoteksyon sa yo, ou ka depoze yon plent nan Depatman Sèvis Enspeksyon pandan w ap rele **617-635-5300** oswa voye yon imèl bay **isd@boston.gov**.

Ak sou Sekirite Travay ak Sante (Occupational Safety and Health Act, OSHA) bay tout travayè dwa pou travay nan yon anviwònman san danje. Anplwayè yo ta dwe retire tout danje sante ak sekirite ke yo konnen nan espas travay la. Ou gen dwa depoze yon plent nan OSHA san w pa pè vanjans. Pou depoze yon plent, rele **800-321-6742** oswa vizite **[osha.gov/workers/file-complaint](https://www.osha.gov/workers/file-complaint)**.

APLIKASYON

Depatman Sèvis Enspeksyon Vil Boston gendwa soti avi vyolasyon, kanpe travay, revokasyon pèmi, ak enpoze amann rive jiska \$300 sou mèt pèmi, devlopè, kontraktè jeneral/manadjè konstwiksyon, ak soukontraktè ke yo jwenn ki pa konfème yo ak òdonans lan.

